

Pembantoe sareng agen: Priangan koelon M. Sahari - Bogor Priangan tengah H. B. Pasoendan Bandoeng

SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Dititlek di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen: Priangan wetan M. G. Kartaatmadja Tjiamis. Djawa wetan: Bestuur Tjabang Pasoendan. Soerabaja.

LANGGANAN. Paangmirahna dina 3 sasib f 1,50 Sataoen f 5,- Dibalar ti pajoen. Satambar 15 sen.

Redactie: Galoenggoengweg 49. Administratie: Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redakteur: AHMAD MAWINATA SOETISNA SENDAJA Redakteur di Batawi SOERJADIRADJA.

Directie: Bestuur Pasoendan Tasikmalaja Administrateur: K. MARTAKOESOEMA.

Langkaos ADVERTENTIE: 1/16 katja f 2,- 1/32 " f 1,25 Sakali moeat. Langganan langkoeng mirah.

Kommunisten di Indonesia.

Samemehna djisim koering njaritakeun naon anoe dipimaksuet koe djisim koering, rek diawalan koe kanta heula, nja eta, djisim koering lain Kommunist djeung teu pisan-pisan rek njeun propaganda Komunisme, ieu mah ngau sakadar rek nerangkeun pamandangan djeung pamanggih djisim koering bae.

Ajara Komunisme, di lemah tjai ceurang auar keneh pisan, djeung Komunisten anoe sadjati mah tatjan rea nja meureun aja ari 4-5 oerang mah.

Meureun aja anoe nanjakeun: Naha dina pergerakan Komunisme itoe geuning sakitoe ngageroehna?

Ari itoe anoe sakitoe ngageroehna teh ari saenja-enjana mah lain Komunisten kabeh, tapi ari rereana mah Nationalisten anoe katjida revolutionairna, bakating koe geus rea teuing kaperuh.

Djalma djadina revolutionair teh lain bakat bawa ti kodrat tapi kapaksa koe kajajaan, koe atoean hiroep koemboh djaman ajeuna, babakoena tina bab psugoepea djawa anoe sakitoe kasedekonna.

Pamarentah katjida kekerotna ha jaug noempes Komunisme di lemah tjai oerang nepi keneh saantik djoembiahna anoe djadi wadal pergerakan, kana taladjakna pamarentah kitoe, djisim koering teu bisa njawad, ngau djisim koering katjida ngarasa han-djakalna, lamoen inget kana prak-prakanana da ari ajeuna mah kaudasna teh, dihoeroen soeioehkeun dikompedtankeun bae, poegoh mah lain kommunist ngau pedah wau noengtoet bebeneranaan madjar teh kommunist tjeuh djeung toenej dipikangewa, anoe digawe di Gouvernemet, ari geus dilepas mah nja kapaksa miloe djeung kaeom eta, da bongan geus kanjenjerian. Toeroeg-toeroeg kaeom Komunisten mah resep pisan manggih batoer anoe geus manggih kanjeri teh, sok gampang beureuhina.

Lamoen pamarentah hajangan noempes komunisme te-tep make djalan ieu, djisim koering bisa njeboet hese pisan hasilna, malah bisa djadi oge komunista teh beuki rea da henteu sakoemaha bedana djeung propaganda. Koe timbangan djisim koering lamoen pamarentah hajang noempes komunisme henteu koedoe ngadjalak-uu kakerasan kitoe, tapi atoean hiroep koemboh anoe koedoe dihandeun.

Atoean ari koe kitoe tea mah, oelah bou Komunisten dala Nationalisten oge ari geus njeri teuing mah tangtoe bae nekadna teh, kapan ieu teh djalma, geuning sireum oge ana dilejeklejek teuing mah teu boeroeng ngegel.

Kabeneran pisan ajeuna oerang keur boga eunteung, geusan ngabandingkeun tjarita djisim koering tadi di loehner, nja eta kadjalana ana peperangan di Matoko djeung di Tioug Kok.

Naha eta teh pergerakan kommunisten? Meureun tjeuk djisim koering teh: Hih! lain, eta mah pergerakan Nationalisme djeung Patriotisme, nja eta pergerakan anoe katjida mikangewana ka Imperialisme da bongan hajang naliekkenn tempat batoer djeung hajang ngendjalan karentoengan ti lemah tjai batoer.

Toeh! genning Nationalisten oge, komo deui ari Patriotisten mah, teu boeroeng revolutionair ari geus njeri mah, kapau geuning soesoembarna Abdool Karim oge: Kadjeun dege hoeloe pet njawa, uadju adjoer toe-

toempean, keur ngabelaan bangsa djeung lemah tjai, baris diajonan bae moal soeda rasaning ati, moen tatjan dibalik lemah."

Nja kitoe deui studenten di Tiougkok, geuning sakitoe tega iklas bibit-lasanana teh, koe sabab geus mangtaoen-taoen aja dina koeroengan imperialisme asing, njeri peurih geus kapanggih lara wirang geus kasorang geus lain antepuun dioembar sakama kama.

Asal keueung djadi loedeur, pikir gimir djadi wau, madjoe djoerit dana laga, akal begalan pati. Lain goedjroel meumoeusan, tapi anoe pohara teh.

Bangsa Tiougkwa saloelot sabiloeloen ngaramau ngalawan imperialisten tea, lain bae anoe aja di nagara Tjina dala anoe aja disaloeloeu nagarana oge teu koerang koerang anoe ngirimkeun pangedeudeul geusan bekel madjoe djoerit.

Bisi bae aja anoe nanja kieu: Naha kommunisten di Indonesia, make loha anoe ngoempokeun deoit keur ngadeudeul ka ditoe? Kapan itoe mah pergerakan Nationalist anoe henteu sapsagos tea djeung Komunisme teh. Naha pipiloeun?

Ka anoe nanja saroepea kitoe djisim koering teu bisa ngajawab sakoemaha mistina, ngan sakadar koe panjangka ati koering bae.

Kommunisten boga sipat revolutionair teh, komo deui ka anoe hajang noempes imperialisme mah, sabab teu meunang henteu imperialisme teh sagoeleung sagiang djeung kapitalisme kapau ari kapitalisme teh moesoehna Komunisme anoe nomer hidji.

Tah kitoe kapikiran koe djisim koering mah, anoe matak miloe ngadeudeul ka gerakan Nationalisten di Tiougkok teh.

B. S. Samboeungeun.

Pihatoer koering.

Para Djoeragan sareng kantja mitra kadang wargi sadaja anoe sami kempel di dieu! Djisim koering ngaraoos bingah marwata-sosta, ajeuna tinekanaan tiasa njarios di pjoeneun anoe barade milih pielideun Raad Kaboepaten ti wewengkon ieu; taja sanes samemeh djisim koering ngadalang teh, moeng bade ngaoehoekeu heula ka Djoeragan Tjamat, teh parantos inparitu paidin ka djisim koering, kenging nembrong-nembrong ngedalkeun anoe djadi pamakoedean pakampolan Pasoendan di pajoeneun kantja mitra kiasman sadaja.

Nja kitoe deui tea kirang-kirang paoehoeun ka sadajana moegi ageng tawakoeup reh koering mandjangeun tjarita, asa ngalila-lila ngahalang-halang kana kaperloean sanes. Malah ka sadaja bae henteu di widji-witji, ka noe kersa ngadangoekeun, sim koering timpah oendjoek uoehoeun ti anggalna.

Djisim koering teh djadi wawakil pakampolan Pasoendan di ditoeana mah, tjoemonggah njanggakeun pihatoer ka para mitra sadaja, malakmandar lisan djisim koering aja poeloenganeunana, malah ari koe paneda ati mah, mau ieu hajang djadi bongbolongan soegan djadi papadang ka noe teu atjar loma kana pakarepan sareng oedagan pakampolan anoe ajeuna ngawakileun ka djisim koering tea.

Pakampolan Pasoendan teh hidji pagoejoeban anoe miloe oesaha kana djalan kakertaan, kahardjajan sareng kadjembaranana Soenda katot ka lemah tjaia. Geusan ngahontal eta pakarepan, nja oelo-hioeng kana oeroesan ngaloejuek dajeh baghagan kanagaraan; margi kerta hardjana Soenda djeung tan-

na teh, lian ti aja dina bagdja tjadangan bangsa, tjeuk Pasoendan mah nja aja dina pamarentahan tea. Djadi oesahana oge djaba ti moelasara geusan pakaudangan bagdja teh, diaroeng djeung oeroesan kanagaraan. Peupuriheun matjakal sorangan Soenda teh teu atjan bisa noeloejkeun maki-hikeun talari karoeboenna, warisan ti Padjadjaran, ngamemenan salirana koe andjeun, atoech sakalieu oeloe hioeng mah geugeuj, oerang teh oelah koema deungeun teuing.

Tah ajeuna apin koe sadaja koe-ninga, oerang teh oerang Soenda, di-sambat koe pamarentah, diadjak sareng ditjaba sina ngeroeskeun kaperloenan sorangan, nja eta boektina di paparin Raad Kaboepaten saopoeratina. Eta paparin teh auar ari gede mah tapi koe oerang teh oerang taimeun mah heulaanan, oerang djalankeun oerang poelasara, sangkan ka pertjajaan anoe bakal ragrag engke di ahir tambah gede, tambah lega, tambah rea sing tepi ka njembadaan kana pakarepan sarerea.

Bagian olaheuneun oerang di R. K. kantenan tjeuk anoe geus biasa ngaloejuek sagembelngna dajeh mah wah saeutik keneh pisan, tapi mendid saeutik tinimbang ngaboelasin pisut mah apan, leu najang koemoepe koemoepe ge hajam, oerang geteun bae marabanana malak mandar djadi si Djalak mangprang djagana.

Ari noe djadi dadasar dina njanganana ieu paparin, oerang teh ngau rek nembongkeun da ari bisuana mah aja di oerang kapertjajan sabab saenjana oerang teh ngan koe atjan di-pertjaja bae; engke oepama djadi toer moeloena, ieu R. K. anoe bakal di-pertjajakeun ka oerang tea, oerang teh bisa noelak tjangkeng dina kelek; meureun lamoen tjeuk oerang Batawi tea mah: "Liat ini goea!" uandakeun jen omong oerang, djeung bangsa oerang teh lain hampaseun lain pikasalempangeun, tapi enja djeung benerna jen pertjajaneun geus beunang dian-delkeun, sawawa ka boesti-boektina

Tangtoe lamoen djadi mah oerang teh bisa ngagutuwong menta embob: "Bro, geura tambah deui!"

Lapi koemaha lamoen moejodok? Mangkoning apin dina R. K. oge koe doe diajoe panemoes djeung bangsa bangsa lian, aja Walanda aja Tiougkwa. Koemaha lamoen di diuja kagele deui? Saba engke anoe karoron tjodan?

Geus moal lepat larang wirang anoe bakal toemba ka diri oerang. Tangtoe oerang pada ngantjoenanaunna teh, disoeboetkeun hoemajoea, digonggorkan disoeboet "kilang kitoe" sarang sapapadana.

Djeung pantessna demu nadyan pada njeuseul oge, da ngeroegikeun ka sadjagat Hindia, lantaran oerang djadi pertjajaan tea geuning tjeuk tadi oge. Tah koe margi eta pakoempolan Pasoendan anoe ngarasa djeung roemasana deui djadi pribemi, anoe ajeuna djadi pertjajaan tea, teu kirang-kirang nja paoehoeun ka sadaja anoe kagoengan hak milih, moegi atos atos oerang ngapoerkeun pidjagoenun teh; da eta adoesan oerang teh diben-teu-henteu di lain-lain oge, moal henteu moal lain, koe oerang teh rek didoekeun sina ngabar di pakalangan.

Lamoen djaga oerang datangna kana medan baris ngadon ngapiek dja-ner ngandar djangdjang, komo make ngoentjoeng ngawet boentoet mah, his atoech lain tarohaneun. Nja kitoe deui moen ngan kalah ka toedjoek, lapeor moal kapoeloe.

Tah ajeuna dina daptar kanidat anoe parantos dilebetkeun koe kiesman-kiesman, koe oerang kedah dita-

lek diboelek balik, dibeuweung dioe-takkeun, saha anoe pantes djadi adoesan oerang, anoe bakal bela toemoe-toer ka oerang djeung ka lemah tjai oerang.

Pakoempolan Pasoendan geus ngileng-ngileng, geus mikir kalawan titi ati ati, neangan pidjelmaeunana anoe tangtoe toehoe kana wadjing elid R. K. sarta nohonan kana papagonna kaelidan R. K. tea; malah tjeuk in-terjan Pasoendan mah nja eta pisan pidjelmaeunana anoe bakal bela toemoe-toer teh

Dina ngajakna pikanidateun henteu pisan-pisan Pasoendan hawek hajang meunang sorangan, da tadi oge geuning anoe djadi dasarna teh nja eta djag; anoe beunang dikentjarkeun di pakalangan. Eta margina Pasoendan ngaloebetkeun pielideun tipkempelan sanes deui soegri anoe katoeng pimoolesuun.

Doepi djelemana anoe parantos lebet djadi kanidat pidjagoenun dina kila-ang R. K. teh nja eta.

- Di Tasikmalaja, pikeun R. K. Tasik: Atmawinata Mas. Ahmad Atmalja Nataprawira Raden. Soetisnasendjaja Mas. Wangsanagara R. Kd. M. Hardjoproewito Sandjar. M. Wangsanadikoesoema Tjimaragas. R. Tjakrawidjaja Siteobatoe. M. Moehamad Hasan Tjimaragas. Kartawisestra Sindanggalih. R. Prawiradiredja Tjiawi. Atmawira Soekasoekoer.

- M. Soemaruo Parigi M. Poerwita trisna Parigi Pikeun Raad Kaboepaten Tjiamis. M. G. Kartaatmadja Tjiamis. R. M. Satari Tjiamis. H. Abd. M. Pacha Tjiamis, Pikeun R. Kab. Bandoeng M. Prawiraamidjaja Bandoeng. R. I. Prawiradipoetra R. Soedjana R. Wiradidjaja Tjiamahi R. Safoedin Bandoeng. Pikeun R. K. Batawi:

- 1. Djr. Iskandar Brata 2. Winatapera. 3. Prawiradinata. 4. Moehjidju 5. Wiriaatmadja Pikeun R. K. Meester Cornelis 1. Rd. H. Djajadinigrat 2. Rd. Poeradiredja 3. Djoer. Soeridiradja 4. Soerapoetra 5. Sadikoen Tondokoesoema 6. Wiriasasmita 7. Abdoelwahid 8. Djajamihardja (Tjitarang) 9. Ranoeatmadja (Kabajaran). Soepados oelah pandjang teuing tjarios djisim koering. mangga ajeuna njanggakeun, eta anoe kaeugel di loehner teh, da salirana parantos njangga kana pangersa sadaja, sedja toehoe kana noe djadi papantjenna.

Ditoengtoengan koe paoehoeun moe gi-moegi para mitra pertjanten kaha pihatoer sim koering, jen eta anoe kasebat djenenganana bieu, enja, tetela ninggang kana aloesna oepami tandang di pakalangan R. K. Koe margi eta mangga, oelah lepat deui, geura pihit eta bae geus montong njorang deui ka toekang, pakampolan Pasoendan wantoeu djadi tandana.

Handjakal, djisim koering di dien ajeuna henteu tiasa ngabeberkeun toe toengkoesan kalboena sareng pangeusi mastakana eta anoe kasebat djeug Pasoendan, teh kaboejeng koe wak-tos oerang kedah boeharan. Nanggi moegi oesib diangtjaja, da sadaja oge kana eta djenengan-djenengan teh geus pada oeninga. Sakitoe pihatoer koering.

Ti hareupeun hawoe kareta api.

Abah teh tamba titingkoeheun heug ngalantoeung ka statison, gek ngadajngdag dina bangkoe deukent noe dagang roti, bari ngalamoen ngawaskeun noe balawiri. Bet kabeneran djol aja hadji doean miloe dari-ek, der tjararita silih tempas. Ari koe Abah pangaregoeran dide-gekeun, da hoghag tjarowong ngagimbreng-gimbreng ka Abah noe keur anteng ngalamoen.

Tjeuk Hadji ngora: Kieu geura kang Hadji, koering mah panasaran. Lamoen kang Hadji aja daradjar njasab, djadi menak agoeng, oepamana tae djadi dalem, heug koe koering djeung koe dalem sedjen dislametkeun dina diistrensana koe basa Soenda, da oerang Soenda apan kang Hadji oge sanes oerang Hadaralmaat, tjing kang Hadji rek ngawalon koe basa naon?

Hadji kolot: His ari Djang Hadji, bet ti tadi keukeuh nanaojakeun bae basa asa teu sapira teuing, atoech hana naon bae sakarep ingeun, rek Soenda rek Djawa rek Malajoe oge moal aja larangan, gampleng-gampleng bae ngomong mah. Ngan lamoen akang djadi dalem, djadi Kangdjeng tea, ngawalon ka noe kasih salamet teh, rek koe basa Arab, moal koe Soenda.

Hadji ngora: Eta sok teu poegoh akang mah diadjak tjarita saenjana-ena. Atoeh meureun moal kaharti-eun koe noe dibawa ngomong, ari koe Arab mah. Naha iasa kang Hadji basa Arab.

Hadji kolot: Bisa teu bisana akang kana basa Arab, djang Hadji tra oesah pipiloeun. Tjeuh eta batoer oeloh teu ngartioun, sapan tah nja eta anoe diarah oge, soepaja teu pati ngalartioun, aja oerang njarita sakama-kama, lamoen salah moal kanja-rataan salahna. Tah kitoe ari politit kolot mah, salah oge teu katara, lain sabronhrong tjara noe ngarora.

Hadji ngora: Atoeh keur naon ngawalon, ari matak teu pihartioun deungeun mah, ngabetem bae s-kalian. Keotan ari kang Hadji pelit!

Hadji kolot: Moes teu pelit mah atoech tidjeralit; djeung tjeuk akang mah mendeng teu kahartioun tinim-bang ngomong koe basa anoe matak njitjeung kana kaagoengan akang mah. Geura lamoen akang ngawalon koe basa Soenda, ari heug salah Soendana, saha noe era saha noe wirang, da meureun ngan akang sorangan, mangkoning apin ieu mah lamoen akang djadi dalem tea, meureun dipojok disoeboet dalem moejodok, ah, sangeuk akang mah, pek rek koemaha?

Hadji ngora: Enja, tapi lamoen akang njarita koe Soenda toer matak kahartina, eusina aloes, ari tjeuk koering mah rambahan pamor, djadi kaagoengan ka salira akang.

Hadji kolot: Poegoh noen, moen bisa djenng aloes mah, tapi oroknja da akang mah geus roemasna sada teu bisa djeung gorengna deui, mana rek koe Arab oge. Balikanan moen koe Soenda, koemaha lamoen di diuja aja buejdjanga, alah moal kadoega pok akang mah, sieun kapetolan ka-oengkoelan pangaweroeh.

Djeung deui da akang mah teu rek karoech koe pamor ti bangsa pan-tar djang Hadji, moen deuk oge toeh ti pengageung-pangageung ti kang-djeng kangdjeng njar pangaroeh mah. Waasah keur manjahon ngarah pam-mer boeboek leutik, anoe Zaratite mah bisa ngadoengdjoeng moal, djadi dalem enggeus lamoen-lamoen bae mah, bajoh rek naon deui!

Hadji ngora: Ebeueh, atoech pih-

ngan ari ngarasa teu bisa mah, keur naon atoh tadi nganggo oekal-ekol, teu timos lae kitoh aja teu mangdangkeun tjarita, djadi ngan kari ma'loemeun. Ngan eta ari koering mah, ari ngatjak ngomong Soenda ditombalan Arab teh sok asa dihapus naker, kakara koe diwalon Mala joe oge, geus asa ditjampalak nadjan koe salohoreun oge, teu beda ti ditjinaeun, sok abong-abong.

Hadji kolot: Ah eta mah rek boga rasa kitoe kieuna, bagimana dianjah orang, tra perdoeli akang mah, kapala sama item pikiran laen-laen, los temeu sili!

Hadji ngora: Poegoeh kang Hadji, ari koe kitoe tea mah, ngan eta we kang Hadji mah moen djadi dalem teh, dalem miutjoelak, dalem Soenda ngomong Arab, pada hal ka Suenda deui. Bet geuning deungeun deungeun oge tjina pada tjina ngaromong tjina, Walanda djeung Walanda tara ngaromong Parasmau, koma dina ngawalon panjalmetkeun di nagarana mah meureun. Ari kang Hadji bet teu tjara noe lian, Tapi tjing, kang Hadji koering rek nanja saenjaoda bae, lamoen kang Hadji kariaan, heug disalmetkeun koe K. Dalem Batawi, ngawalon rek koe basa naon?

Hadji kolot: Koe akang didjawabna, koe basa Malajoe, moal koe Soenda keneh bae!

Hadji ngora: Na ari maroekan kang Hadji dalem Batawi teh abang kitoe? Koering mah nanja teh lamoen Kangdjeng Dalem Batawi ajeuna anoe mashoeur tea, anoe sawoeran teh, rek koe Malajoe bae, keukeuh? Atoeh isin da K. Batawi mah oerang Soenda!

Hadji kolot: Ah rek Malajoe bae ka ieu-ueu oge.

Hadji ngora: Naha atoh ari ajeuna ngomong bae Soenda, moen Malajoe ka dina, teu boga kaera! Kang Hadji mah meureun moen djadi dalem teh, oepas-oepas heuleup heuleup mantri-mantri oge koedoe ngaromong Malajoe nja ka kang Hadji?

Hadji kolot: Ah oelah eta mah, geuwat dilaraug, tida boleh teu ngeunah!

Hadji ngora: Toeh kitoe, ih si litjik!

Hadji kolot: Hui lain litjik, eta da boedak ngora mah kitoe bahari njeuring. Pikir geura sing lautip, lamoen akang heug djadi dalem tea, ngomong malajoe ngagonggorkan ka djang hadji djeung ka bawahan akang, oepamana bae pelah teu seba bakak atawa koerang panghormat, koe basa Malajoe, koe akang disoboetkeun: tidak naek keredja, tjema maog gadji sadja, gadji boeta, males omongkosong, tjema bikin riboet minta ini minta itoe! Tah, kapan anoe njeuseul mah bieu Malajoe, ari akang apu Soenda, djadi Soendana mah akangna teu miue njarekan, da bieu mah opiril minangka, njeempoet bae gorengna mah hajoh! Tah ari poelitik oedjang!

Hadji ngora: Wah kang Hadji mah mokrol teu njana kolot rea ekolna maroekan batoer teh bodo kabeh? Barina oge katjeun ketah, da eta mah lamoen, tadi ge apas. Ajeuna mah kang koering rek njaritakeun anoe enja bae, moal ngalamoekkeun kang hadji geura eta Pangaoelaan Bogor basa diistrenan; na mana kajoengioen kabina bina teuing, abong-abong meuk, meuk ka peudjit peudjitna, dawoehanana matak ngeunah nja lems nja halon, tjangker beuneur djeung bener alah tobat aja nonoman matak deungdeuleueun, pangen nandjeung da bagos ka lakoe-lakoen. Teu aja kasoeran anoe njararogek sararogek teh, toer Soenda lain Aaraban tjara lamoen kang Hadji.

Hadji kolot: Wah kabeh oge dalem mah moal aja tjawadeunana, ngararuga oge dalem, geura pek tah dongdon dalem Mester.

Hadji ngora: Hih atoh geus poegoeh deui moestika ge moestikana deui.

Ngan sakitoe anoe kakeoeping teh, kaberoe djol kareta sepoed, paboerriak toeloj boebar.

Abah si Entjep.

Paribasa oerang poeng kawasa.

Paribasa anoe kasebat di loehoer, oepami diemoet katjida leresna, oepami oerang ngagadoehan modal ageng, gampil pisan ngalaksanakkeun karep

oerang. Oepami oerang hajang mobilan, hajang njeun imah aloes, hajang boeka toko gede barangna maroed araloes tangtos katinekan.

Sawangsoelna oepami oerang gadoeh modal ageung, sarta rea moesoeh sasama dagang, anoe matak ngadjadikeun ngoerangan kana koentongan oerang, oerang gantjang njeun atoerun, soepaja eta moesoeh anoe matak ngadjadikeun koerang oentoeng ka oerang, soepaja roegi (oureun dagangna) da oepami teu aja oentoeng bae mah (roegi) tangtoe manelina eureun sorangan.

Ieu anoe kasebat di loehoer, ajeuna pisan parantos kadjantenan, supertos: Di wewengkon district Pangandaran, djalmi djalmi sadaja kahiroepanana moeng tina hasil boemi bae, babakoena pisan tina kalapa.

Samenieha aja oerang pribomei, anoe meseran eta Copra, didjoel sorangan ka Tjilatjag, ngabantonna oentoeng teh paling alit f 2,50 kotoer. Lami lami djalmi djalmi sami ngaragos, jen pangros Copra katjida miralina, nja ngadamel andeel 1 andeel pangagosna f 100.— nja eta baris ngadjadi bilih dimimirah deui, sareng baris nampi (meser) Coprana anoe maleser andeel tea.

Ieu pakempelan rempagna sadaja, ngalap berkat ti toko P. R. O. anoe ditangtjoengan koe Kangdjeng Dalem, ajana di desa Tjikembolan dinamian „Roekoen Oesaha“.

Numeung, edaas, nja eta atoh, di loehoer oge parantos diserat rasna teh ngan oekoer sasasih 2 sasih bae, kabeh diunakeun mah, roepina anoe djadi pangoroena oge riuteun, lantaran pangagosna dioendakkeun, doegi ka sering kadjantenan roegi atanapi teu aja oentoeng.

Koe margi tadina oge maksadna, bade ngeloengan ka bangsa nja ngeureujeuh bae, emoeatanana soepados oelah leungit bae modalna.

Eta teh teu atjan tjekup ngadamelna kitoe teh, roepina bae, oepami teu atjan eureun mah, hajoh bae, malah djisim koering kening wartos ti djalmi anoe kening dipertjanten, sareng sunes ti soerang bae. Dina sasih ieu Agustus 1925 bangsa Tioug Hoa anoe meseran copra ti wangkid Tjidjoelang dongkap ka Padaharang prantos ngahidji (saatoeran), roepina bae pangros Kalipoetjang Parigi. Tjidjoelang dimirahkeun, pangros Tjikembolan sareng Tjibenda (Bodjong) pangrosna dioendakkeun, margi Roe koen oesaha prantos ngadamel Tjilabang di Bodjong, maksadna soepados R. O. salamina roegel bae lami-lami tangtoe eureun, ana prantos teu aja moesoeh, manelina tiasa sakama-kama deui.

Tina sakitoe sadajana mitra mitra sawowengkon Pangandaran soepaja djadi oeninga, tah, geuning kitoe batoer mah dagangna teh, reimpog ka tjai djadi saeuwi ka darat djadi salebak, tjing! atoh oerang pada noeroetan, toendjang R. O. teh soepaja pandjang oemoerna, teu ngagaluh andeelna oge atoh. reimpog-reimpog ngadjoelna Copra.

Numeung djisim koering henteu welch welch, njeohoekkeun sipatna ka noe nangtjoengan, toko P. R. O. nja eta:

Kangdjeng Dalem Tasik, moegi-moegi abdi-abdina masing dipusihan mangartos (terang hatena).

Sakieu bae heulanan poen
Laogyanan No. 147.

Peroesahaan pribomei.

Ti sadjek ajana S. I. tepi ka ajeuna oerang Indonesia, babakoena oerang pribomei noe katjida taringgalanana boh tani boh dagang; katjida ngarolikna ngamadjoekkeunana peroesahanana: Bah dieu mah koma reh kagen-tjet koe padjamaan malaise, beuki enjaan bae totondjolana sosen-sosona, arosahana, nja-eta seueur noe njeunan koempoelan dagang (Cooperatie-cooperatie). Cooperatie cooperatie tani laleutik, noe katjida koering sa-toedjoena, pendekna tjiek noe bohong mah 7 doenja bae dihidjikeun tina kamoepakatanana, kana hal eta, samadjan masih keketrekan atawa rada gede, atawa samadjan teu atjan salampurna oge.

Di antara oerang pribomei Indonesia noe tjitjing di kalangan politik aje oge anoe pondok harepan, madjar moal bisa aja kamadjoean noe matak merdika, moal bisa madjoe bener tina

hal ngoeroes dagang atawa tani lamoen oerang atjan merdika. Sabab oerang tjengh aja dina tanganna kapitalisten asing, noe aja di dieu, noe luwih loba kapitalna djeung leuwih paliuter, pendek tjengh oerang pribomei atawa kapitaal noe laleutik mah, rek dipaehkeun rek dihiropkeun teh goemantoeng ti tangan maranehanana noe bersipat kapitalistis djeung Imperialistis djeung loba loba deui tjindekna moal bisa aja kamerdikaan djadi teu perloe oerang dina oesoem harengluh kieu (crisis) ngamadjoekkeun hal oesaha ngan noe perloe dipadjoekkeun teh lian ti binih Communisme di sadoenja; tjengh: Tjoemah Communismelah, jang memerdikaken kita!" Pendek anoe perloe dipadjoekkeun koempoelan politik anoe Communistis bae tjengh.

Ari pikeun goendoekan Communisten (S. R. anoe memang enja, nintna sakoemaha anoe dina angon-angonna P. K. I. (S. R.) sarta maranehanana jakin koe djalan politik Communisme neungan kamerdikaan oerang Indonesia, koering moal bade ngalulang-balungan hal kana peroesahaan menta dipadjoekkeun sing nepi ka tjokoep, oelah moendoeur tina ba bakoe, tapi koedoe madjoe, samadjan oerang ajeuna atjan aja kamerdikaan oge, oelah mopo memeh nanggoeng.

Eta hal-hal noe kasebat tjengh tea meureun di antara noe maraos seueur noe parantos ngeoping.

Hal eta koering teu heran sabab napsi-napsi moenggoehing manoesa, geuning paripaos sepeleh:

Tjiri sasasi tjara sadesa... dedewekan, djadi satiorina satiorina bae.

Tapi pikeun goendoekan oerang pribomei noe ngoelik hal oesaha dagang laui djeung boeroeh, estoe teu meronah, lamoen ngoerangan kana ngoelik peroesahaan peroesahanana, soemawonna lamoen nasib maranehanana tina oesahana nepi ka toeroen koe lantaran pangarolna noe kasebat tadi tea.

Ari tjaritah mah (theorie), estoe gam pang tapi prakna djalanana estoe hese hal ngoadeg kamerdikaan oerang sarerea teh, djadi tjiek koering pikeun prakna oelah mikir noe djaoh djaoh noe teu katepi koe pikiran, samemeh aja saatna noe meneran noe kiru ka tepi koe pamilih, noe pang bener-benerna tina pugawean anoe rek dipigawe koe rajat hal ngoadeg kamerdikaan oerang; perloe heulakeun njeunan (madjoekkeun) peroesahaan oerang kooperatif sing „sampe berboeah.“ Di antara eta, politik sing madjoe koe achli-achli politik noe ten matak ngamendoerkeun kana peroesahaan-peroesahaan tea.

Koe koering teu rek dipoengkir, enja jen oerang pribomei koering ka pitulna djeung pangartina tina hal dagang, atawa koempoelan-koempoelan dagang, djeung tani, teu heran lamoen kuelehkeun koe kapitalisten asing tapi geura maranehan sok koma lamoen bangsa oerang tjitjingkeun henteu ngamadjoekkeun peroesahaan roepa-roepa meureun beuki peheh bae oerang teh. Peroesahaan hidji poko tina djalan kamerdikaan rajat Indonesia, sabab, sabab lamoen madjoe ekonomina, madjoe onderwijs, politik enz. enz. na.

Koering katjida rengrengna, boenggangna bade ningal di Tasik koe oesahana Kangdjeng Dalemna, renoeng kawas soepa djadi, tambalna koempoelan - koempoelan dagang djeung koempoelan doerit noe goenana pikeun kaperloean rajat, oge ngoe ping di sedjen-sedjen tempat noe maradjoe koempoelan-koempoelan dagang djeung tanina, saperti di Tjibadak dj. s. t.

Ajeuna koering djedjeritan ka doeloer doeloer sa Pasoendan oge ka sa Indonesia ka sakoer koempoelan dagang djeung tani oerang pribomei noe goeloeng tiker, moega oelah karapok tapi sabalikna, teroes iktiar neungan sabab sababna pangna roegi, sanggeus kapanggih noe sababna roegi teroes padjoekkeun deui sing sampe hasil, sarta oelah bosen bosen iktiar.

Sabab eta djalan noe pang bener-benerna noe achina tangtoe kapanggih boehina.

Sakali deui moega oelah bosen bosen oelah teu tjeh, ngamadjoekkeun peroesahaan, atawa koempoelan dagang, boeroeh djeung tani tea. sing nepi ka hasilna.

W a s a l a m
Ca.

Kiesdistrict Manondjaja.

Ngaran djago-djago.
Abloel Hak Tani oemoer ± 30 taen Manondjaja G. Tandjoeng No. 9.
Adjhoeri R. h. Tani oemoer ± 40 taen District Manondjaja Manondjaja No. 1/5.

Apandi Tani oemoer ± 45 taen District Tasikmalaja kahoripan.

Badri R. H. Tani oemoer ± 40 taen Manondjaja Manonlja No. 1/5
Djonal Abidin R. H. Tani oemoer ± 38 taen District Manondjaja Manondjaja No. 1/5

Kartasasmita R. Mantri Goeroe Tjinean pansioen, oemoer ± 56 taen District Manondjaja Rahajoe No. 24/25

Koesoemaatmadja Mantri Goeroe pansioen Mangoenredja, oemoer ± 52 taen District Singaperna Dawagoeng Koesoemadanoematmadja R. Tjamat Pansioen Boeahaloea oemoer ± 50 taen District Manondjaja Manondjaja No. 1/5

Moehamad Soedjai M. Adjengan Koedang oemoer ± 40 taen Tasikmalaja Tawangari
Tudjoedin R. H. Handelaar oemoer ± 40 taen District Manondjaja Manondjaja No. 1/5

Tanoekoesoemah R. Tjamat Tjibeureum oemoer ± 40 taen District Manondjaja Setiaratoe No. 11/15

Tirtakoesoemah Tjamat pansioen Tjikalong oemoer ± 39 taen District Manondjaja Manondjaja No. 1/5

Winatahardja M. Mantri Goeroe Tjibeureum oemoer ± 38 taen District Manondjaja Setiaratoe No. 11/15
Wiramihardja M. Wedana Manondjaja oemoer ± 38 taen Manondjaja No. 1/5

KIESDISTRICT TIDJOELANG.

Ahmad Dahlan Rd. Chalipah Tjidjoelang 47 taen 1 Tjidjoelang

Hardjakoesoema Rd. Djroetoelis Tjamat Tjigoegoer oemoer 35 taen district Tjidjoelang 15 Tjigoegoer

Hamami Mas Tani 38 taen Tjidjoelang 1 Tjidjoelang.

Prowitaresna Padagang 38 taen Pangandaran 26 Parigi.

Seriako-soema Rd. Rg. Wadana Tjidjoelang 49 taen Tjidjoelang 1 Tjidjoelang.

Soemadikarta Mas Tani 35 taen Tjidjoelang 1 Tjidjoelang.

Soewabri Mas Mantri Goeroe Tjidjoelang oemoer 45 taen District Tjidjoelang 1 Tjidjoelang.

KIESDISTRICT PANGANDARAN
Hardjapoerwito M. Handelaar oemoer 45 taen District Bandung 1 Bandung.

Mangoen Atmadja agent bank oemoer 50 taen District Pangandaran 26 Parigi.

Mangoendiwirjo A. dagang oemoer 40 taen District Pangandaran 29 Bodjong

Poerwitrisna dagang oemoer 42 taen District Pangandaran 26 Parigi

Soemerno M. Agent bank oemoer 45 taen District Pangandaran 26 Parigi

Soetisna Hamidjaja Rd. Wedana oemoer 42 taen District Pangandaran 1 Pangandaran.

Wiradikoesoemah Rd. K. Assistant Wedana oemoer 58 taen district Pangandaran 1 Pangandaran.

Padjeg beurat.

Meh oenggal djelema ajeuna ngarasa beurat koe padjeg. Diseboetan hidji-hidji mah padjeg teh bisi teu sabaraha perloena. Djeung deui geus mindeng matja dina Sip. Jen padjeg ajeuna beurat teuing. Koemaha teu rek beuratna padjeg, ajeuna djaman sakieu heseha kahiroepan dagang hese, neungan pagawean hese, tjindekna mah ajeuna teh djaman naon djaman hese sagala roepa, tapi ari padjeg mah teu beunang ditempoan teu beunang diengke-engeke.

Tjoba saperti koering noe dagang leuleutikan, noe beunang diseboetkeun teu aja batina bae dina waktoe ajeuna mah, da noe meulina meh euweuh, ari padjegna mah leuwih ti f 200 dina satoen Tampolana koering dina sapoe bati bersih ngan meunang f 0,25 tapi padjeg koering sakitoe beuratna. Poegoeh koering dina waktoe dagang rame mah, koe ring rada gede oge pangasilan, tapi ajeuna dina waktoe roegi padjeg koering beuki loehoer.

Ari teu rek oesaha pisan, moal ha de ngadjalankeun naon.

Eta noe mantak padjeg koering gede, lantaran koering dagangna teu

make boekoe. Djadi noe ngasalma ngan kira-kira bae. Tapi koemaha da make boekoe boekoea teu dianggap lantaran teu oentik tjemah. Lamoen koering koedoe ngabeguan boekhouder, sabaraha koering koedoe ngagadjihna. Meureun modalna oge kapaksa koedoe dipake majar boekhouder tea. Lah soesah, tjing koemaha atoh soepaja padjeg oelah beurat teuing.

Djeung deui tjing atoh noe majar padjeg teh oelah didengdian teuing. Koering njeohoekkeun ka Kangdjeng Goepermen soepaja atoranana padjeg dirobah, nja eta djelema noe majar padjeg memeh beak taonna oelah didenda, da anslahna oge sakaepung mah kakara tengah-tengah taen katampama. Djadi kadjeun teuing padjeg dibajarna boelan Desember, njeohoekkeun oelah didenda, da masih dibajar dina taen eta kenel. Kadjaba oepamana padjeg taen 1925 dina boelan Desember 1925-tajan dibajar, tah kakara didenda. Koemaha ieu mah beunang hese tjape ngompoelkeun dibajarkeun ka onpangar, djekoh didenda, lantaran lat. Ampoen bae. Goesti njeohoekkeun dikirangan padjeg sareng dirobah atoranana.

Padagang leutik.

Djalan-djalan Gewest.

Ti Bandjarsari ngeunah - ngeunah bae ngageleser toempak kareta mesin djalan rata ngeunah teu aja batoe sagede-gele endog meri. Kotjap di djalan Bandjar, tobat eta mah soegan tea mah... ih, poupeurib ditjebor henteu atoh tjing sing rada saroea, djalan djoeragan Gewest, da majarna mah saroea nawon belasting.

Loerah saroea djeung poendoeh alias toea kampoeng.

Tjiamis teh geus lawas tetemennan kabawah ka Priangan, kahayang teh saroeakkeun bae pangkat teh, katjida matak teu ngeunahna ka pangkat loerah bawahan Tasikmalaja anoe tatangga desa, oepamana di tatanggana mah loerah teh saroea djeung toea kampoeng, da di eta tempit mah loerah teh marentah ka toea kampoeng nja eta kasebat Koewoe tea. Ieu sasutik perbedaan djadi hidji djalan kama pagentrengna hate antara eta doea tempat anoe padeukeut, lantaran kitoe teh bisa djadi engkana ngagedean. Ajeuna mah disanggakeun bae ka Kangdjeng Tjiamis, soemangga eta pangkat Koewoe robah bae koe Loerah, sapertos di Tasik, tjindek na akoeur bae saprangan pada njebat Loerah pangkat Ngabili gentos bae koe Toea kampoeng ngan ieu mah minangkana mah Toea kampoeng klas hidji, da narima parentah loerah, keur toea-toea kampoeng, sedjen, Koelisi tetep saroea pada Koelisi, loerah di Tjiamis ganti koe ketjap Toea kampoeng atawa poendoeh anoe marentah sakampoeng-kampoeng na. Manggga njunggakeun.

D.

Kostuum (pakean dines) - kapala² desa dj. s. t.

Koe besluit K. T. Resident Priangan dd. 2 Februari 25 No. 4294 geus ditetepkeun waktos pesta-pesta dinas pakeanana saperti di handap ieu:

Kapala desa (Loerah): Petji bodas band beureum make kroon letter D. H. dasarna beureum.

Djas hideung, leungeun disetrip pasmen perak dipasang loehoereun pita oranje.

Kantjing 6 tina logam bodas make letter D. beureum.

Tjalana bodas, sapatoe koemaha soeka.

Keur dienst sapopoé eta kenel ngan topina diganti beureum di loehoer make parada (ermas).

Djas hideung ganti koe bodas make poetis djeung sapatoe; njoren bedog anoe sarangkana disopal perak.

Djoeroetoelis desa:

Topi hedjo tengah-tengah streep ermas, djas bodas streep koneng dina leungeunna, kantjing bodas letter D. tjakuna bodas.

Toea kampoeng (poendoeh):

Topi keleng, tjiet koneng hideung beureum koneng djeung hedjo. Djas kidril, kantjing bodas letter D. Bedog pandjang oelah make perak.

Koelisi desa: Topi hideung tjettjet-tan di tengah dikeleng koe strip beureum. Drii dina leungeun make strip hideung kantjing bodas letter D. Tjalana pondok drii, make bedog

pandjang.
Amil (lebe desa): Topi keleng koneng hideung hedjo, djas dril hedjo, leungeuna distrip hedjo dipasang dilohoerunana koneng, kantjing hadas letter D. Tjalana pondok dril hedjo bedog pandjang teu make sopalan.

Oeloe-oeloe desa djeung Ngabili.
Topi tjetjettan pinggir beureum loeher blaou, leungeun strip blaou ngora dasar beureum. Tjalana pondok dril koneng, golok pandjang teu disopal perak.

Goesti Rais.

Meh saporo Priangan tangtue maal aja noe bieuuk kana ngaran Madrais Tjigoegoer anoe ngakoekeun Goesti. Di dieu diterangkenn deui noeroet pamanggihna I. C. (O. J. E.)

Madrais anoe ngakoe agana Djawa Soenda Pasoendan, ratoes-ratoes moeridna, pirang-pirang badalna, malah miara hidji bangsa Eropa totek pearah ngoeroes boekoe-boekoe (boekhouder). Imah imah galede araloes saperti gegeden bae, 3 mobil galede araloes, di tempat sarena aja seuneu teu kendat soelohna oeroet-oeroet imah, manehna tjtjing di eta tempat nepi ka bidjilan kesang, eta kesang disoetan koe lamak, engkena diperes loehoerun tjai, tjaina diarinoem koe sakabeh moeridna.

Anoe aoeop ka eta agama teu koe-doe kawin ka masigit, tjokoep koe Madrais bae, asal aja f 1,50 keur zegel tjajah. Oepama aja noe maot, tu diboengkoes teu naon soenawon-na disalatkoeun mah, toeloj dipetian bae, pada ngiring koe moerid-moerid make kelebet hideung hedjo bodas atawa beureum, sadatangna ka koeboeran eta kelebet didoeroek toeloj dipiloekoeun ka koeboer. Dina eta ri-oengau Madrais pidato: Tah njoren-keun anoe asal tina taneuh balik ka taneuh, asal tjai kana tjai, asal tina angin balik deui kana angin.

Ahliwaris anoe maot meunang oeronan f 75 ti moerid-moerid tea anoe koedoe oeroen 30 sen saorangan-na.

Dina saminggoe aja 2 sapi anoe dibeunjt, dagingna dibagikeun ka moerid-moerid koedoe dibareuli sar-ringgit sewang.

Ieu atoeran koe sarerea oge koe Kangdjeng Regent Koeningan koe Toean Resident Tjirebon oge kaoeni-nga, tapi koemaha da sesah tea.

Tjek noe njarita ieu atoeran Goesti Rais hese bisana karasa koe moerid-moerid lamoen teu atjan roentang-ranting pisan.

Henteu „panoedjoe.”

Dina Sip. no. 9 ping 25 Augustus 1925, sim koering ningal tjariosan anoe boeboekana „PANOEDJOE.”

Ari koe ajana concours mah sadajana oge tangtos pada panoedjoe, rehna di Garoet nembu diinjakeun concours dina waktos harita

Moeng henteu panoedjoe teh, handjakal bae joerijna, saner ti kota sanes. Sapertos joerij Bandoeng kitoe noe dianggo teh atanapi Tjandjoer, ieu mah sanes, joerij di dinja bae, malah joerij noe saorangan mah, kungsi disebatkeun club kagoenganana „Tjampaka” (Inboorlingen) teh:

Atoeh ana teras teh meunteun, sidik bae beurat ka „Tjampaka.” Da ari joerij noe doea mah meunteunna anoe koedoe nomer hidji teh club „Pang ledjar Galih.” Kitoe deui noe narung-ton, tjing naraha tjing naraha, nepi ka P. G. djadi nomer doea, alias eleh koe Inboorlingen.

Doepi margina noe mawi club P. G., koedoe nomer hidji teh, tabukit katjapi bener dina saban-saban lagoe keuna djeung tembangna. Kitoe deui

mamaosna, legam srereng tintjak teh estoe tjindek, ngahidji sareng katjapi sareng soeling, lagoena balener, ka Tjandjoeran tjajah.

Koemaha ari noe sanes?

Ah nja eta atoech ngan teu kedah didadarkeun bae, bet joerij teh meun-teun parea rea noe soerak, bet kawa ngadjenengkeun kiesman parea rea soeara.

„Is mana rea sowara noe soerak oge tanda jen aloes.”

Euh eta kitoe, meureun bae oerang kota, „BOBOTOH” ngarah club marabanana anoe meunang. Da ari anoe ngartos mah, sapertos bangsa prijadi noe naringali, sadajana oge euweuh noe teu heran, koe elehna P. G. teh.

Ari teras teh tjuek joerij, eta noe matak P. G. teh eleh teh lantaran eleh rame, teu make „PIOOL.”

Iih teu make PIOOL?? Kapan tadina geus ditangtoskeun, jen teu aja katoenan kana peunteun sanaos teu nganggo piool oge.

Ari kasaoeran anoe panoedjoe di Sip. no. 9 teh, sanes ateh koe lantaran ngamadjoekoeun lagoe Soenda?

Naha ari piool aja ti bahelana ti karoehoen oerang? Riool teh tatabuhan Soenda? Tjubi maranahan. Sim koering ningalan dina Sip. no. 8 asana; di Bandoeng bade dia-jaan concours „mamaos” Bilih palaj njidikeun pioendjoek sim koering, tjing Djoerang Pangoeroes kana concours! Ieu doea club Garoet kedah di-ondang.

1e. Club „Tjampaka” (Inboorlingen)

2e. „Pangledjar Galih” Tarogong Garoet

Hajang njaho timbang koe joerij noe enja. Naha enja club Tjampaka noe pangmadjoena Garoet teh??

Ha. Dja.

Ngadoe koeda „Renveree-niging Tasikmalaja”

1—2 September '25

Poé kahidji. Balapan 1e. 1200 M. Gaoenggoeng beker Waarde f 100,— premie f 50 — inzot f 10,—

Beunang koe Missie noe R. Djajasmita dina 1 menit 25 sekon Premie Berem ex koekila noe R. Anggapradja.

Balapan 2e. 1200 M. Bank beker waarde f 75 Premie f 35 Inzot f 7,50 Beunang koe Miss Teddy noe kong-si Padasoeka dina 1 m. 26²/₃ s. Premie koe Fenirose noe H. E. Taylor Weber

Balapan 3e. 1400 M. Prijaji beker Waarde f 100 Premie f 50 Inzot f 15. Beunang koe Kiskenda noe R. A. A. Soerikartalegawa dina 1 m. 42 s. Premie koe Waterloo noe M. Kd. Wiramihardja.

Balapan 4e. 1000 M. Tendoonstelling beker Waarde f 75 Premie f 35 Inzot f 7,50 Beunang koe Abid noe H. Prawiradatoekoesomah dina 1 m. 19¹/₂ sec. Premie koe Soekati noe R. Ahmad Bakri.

Balapan 5e. 800 M. Afleelingsbank beker Wde. f 50 Pr. f 25 Inz. f 5. koe Oentoeng II (R. Oneng) 1 m. 5¹/₂ s. Premie Kawoeng (R. Saardanoekoesomah).

Balapan 7e. 800 M. Kaweningan Mitra beker Wde. f 50 Pr. f 25 Inz. f 5. Oentoeng II (R. Oneng) 1 m. 4 sec. Premie Djoeminu (A. Prawirasobrata).

Balapan 18e. 1000 M. Sipatahoenan beker Waarde f 75 Pr. f 35 Inz. f 7,50 Sangiang (R. Soemintapoera) 1 m. 23 sec. Pr. Manis I (R. Darmatmadja).

Bal. 9e. 1400 M. Extra beker 1e. Prijs arlodji mas 2e. Prijs arlodji perak Inz. f 7,50 Pertiwi (R. A. Wiratanoengrat) 1 m. 4¹/₂ s. Pr. Melati (R. Natasoedarma).

Resep pabaoer djeung eleun resep-na tina bisa papanggih djeung noe djadi parepeh hate, sieunna koemaha moen Madkaja njahoen jen bebenana ti boehoedak.

Lebah dieu datang pamoedji Isna ka Nji Endjoem, tina binangkit koe beerne-boerne ngakoe nepi ka oedjoeg oedjoeg njoegoenan sagala, boerta asa moal enja ka noe dagang soeloeh kitoe pangakoena.

Djol - pikiran tetep hajang saperti noe dagang soeloeh bae njarta soepa-ja mandjang, ngan koe disoegoehan tea, bener ari hajang tea mah da ti imahna teh teu tjai-tjai atjan da bisana ari dahar atawa ngopi mah nja

Bal. 10 1200 M. Kaom beker Wde f 100 Pr. f 50 Inz. f 10 Missie 1 m. 24²/₃ s. Pr. Diana.

Poé kadua:
Bal. 1e. 1000 M. Boedi kaprijajian beker Wde f 75 Pr. f 35 Inz. f 7,50 Abid 1 m. 19 s. Pr. Manis I.

Bal. 2e. 1200 M. Bank beker Wde f 100 Pr. f 50 Inz. f 10 Missie 1 m. 26²/₃ sec. Pr. Berem ex koekila.

Bal. 3e. Tasikmalaja beker 800 M. Wde f 50 Pr. f 25 Inz. f 5 Oentoeng II 1 m. 5¹/₂ sec. Gomar (R. Rg. Mat-takoeremah).

Bal. 4e. 1000 M. Prijajibond beker Wde f 75 Pr. f 35 Inz. f 7,50 Abid 1 m. 19¹/₂ s. c. Premie Bagdja (M. Soekantamadja)

Bal. 5e. 1000 M. Tionghwa beker Wde f 75 Premie f 35 Inz. f 7,50 Soekati 2 m. 23²/₃ sec. Regenboog (T. H. A. Kadir Kardi).

Bal. 6e. 800 M. Afleelingsbank beker Wde f 50 Pr. f 25 Inz. f 5. Oentoeng II 1 m. 5 sec. Tandjoeng (M. Kd. Ardipradja).

Bal. 7e. 1000 M. Ondernemingsbe-ker Wde f 100 Pr. f 50 Inz. f 10 Missie 1 m. 26 sec. Banawati Premie

Bal. 8 1400 M. Hotel beker Wis f 100 Pr. f 50. Inz. f 10. Pertiwi 1 m. 41 s. Kiskenda premie.

Bal. 9e. 1400 M. K. W. S. beker Wde f 75 Pr. f 35 Inz. f 7,50 Melati 1 m. 45¹/₂ s. Fenirose premie.

Bal. 10e. 1000 M. Desa beker Wde f 25. Pr. f 10 Inz. f 5 Bagdja, Premie Sopal (M. A. Roebai) 3e. prijs Sibantar (Tanoedipoera).

„Domba aheng.”

Dina minggoe poengkoer di Garoet parantos aja kadjadian anoe aneh pi-san, kenging oge disebatkeun loear bi-asa.

Hidji domba, gadoehna poen Soe karma, oerang kampoeng Soekaregang desa Kottawetan, dina maiem Kemis ping 19—20 sasih ieu parantos nga-djoeroekoeun hidji anak domba biking anoe loear biasa, njarta soekoena da-lapan, boentoenna doea, tjelulna opat, sareng matana tiloe.

Noe pang aneh-anehna nja eta ma-tana ngan tiloe, toeroeg-toeroeg noe hidji mah mahiwar, ajana dina tjoe kang tjroengna pisan. Sim koering es-tue watir pisan, ningal eta domba, reh doeanana, nja indoeng nja anakna harita oge teras bae paraih, moeng indoengna mah kaboedjeng oge ka-puontjait.

Salembaer eta dadak-sakala djadi goejoer, domba noe harita parantos lastari teh pada ngadeudeug, sarta kabeh pada gogodeg koe tina heran-heranna.

Ma'loem „omong haroes manan go-ong,” eta bedja, toel-tel tatalapa ti hidji djelema ka noe sedjen, nja toeng-toengna mah ampir sakota Ga-roet pada aroeninga. Atoeh ana boe-roebol teh mani pirang-pirang anoe pada kawatiran, harojong ngaboekti-keun ka tempatna. Endjingna dinten Kemis aja toekang potret anoe ngahadja maksoedua rek motret, atoech teras harita oge dipotret.

Wates doea dinten mah djelema-djelema noe naringali teh masih ngab-roel keneh bae, malah aja oge satawis bangsa Panggoeng anoe ngaralajad. Kalajan kersana para Panggoeng, eta anak domba noe parantos paeh teh teu widi dikoeboer, tapi kedah te-ras di ka Roemah-sakitkeun.

Roepina oae bade teras didjedjelan koe kapas kintoenkeuneun ka Bogor kanggo tongtonan di „Gedong Gadiah” Heu tangtue bae anehna mah!!!

Sim koering ban-et mangherankeu-nana, naon sababna noe matak aja domba kitoe??

Namoeng ana diemoet emoot noe langkoeng paos mah, sagala roepa kadjadian oge ari kersana Goesti noe

di djalan bae sanggeus pajoe soeloeh-na; manehna boga pikir risi pisan sieun dinaha-naha koe Madkaja.

Gantjarna pok ngomong ngandjo-koenkeun ka noe njoegoehan rek ma-mandaloeanan hajangenn njaho koe-maha pikirna Nji Endjoem ka maneh-na.

„Henteu ngahadja ngadeuheus” pokna „koering mah niat telu rek da-gang soeloeh.”

Tjuek Nji Endjoem: „Ari kang Isna koe matak kouheul, saenja-enja ngakoe njoegoehan sagala, atoech joegoeb bae dagang mah, kapan koering oge rjaho, ngan soepaja njoegoehan kanja-hoan jen akang teh, doelcer, batoer

maha Kawasa mah, tangtos djadi bae djeung tangtue anehna teh.

Verlaggever.

Garret, postmerk. A. S.

Paparin ti Ejang.

85. Dina sadjoro kasangsaraan, kasoehan (kabiangoengan) asa toeng-keb boemi alam.

86. Anoe meunang kanjeri, atawa anoe meunang kaaakit, batoer mah moal njahoen dirasana, tapi anoe ngawakan bae, anoe ngarasakeun mah.

87. Kaperloean (kawadjiaban) andjeun koedoe sosen-sosen dipilampah koe andjeun.

88. Goegoen anoe noedjoe kana hade, matak ngadatangkeun kagoem-biraan.

89. Mere ka noe beunghar saperak, henteu sabaraha narimakeunna, tapi mere ka noe miskin sabenggol gede kaboeanganana (gede narimakeunna-na).

90. Salilana dina lampah bener, moal njoesahkeun ka batoer, tapi nje-nangkeun ka sarerea.

91. Boga tateat getol, bisa hasil noe dimaksoed.

92. Djelema akner, matak rea sobat ari rea sob. t matak deukeut redjeki.

93. Parangi anoe hade, djadi para-bot anoe pang aloesna, pikeun sagala pakasaban.

94. Djaman baheula anoe matak moelja, anoe gagah perkosa, anoe pi-nooh koe kasakten, tapi djaman ajeuna mah, koe kapinteran akal noe hade.

95. Tempat anoe matak balai, koe andjeun oelah disorang.

96. Parobot anoe pangseukeutna, teu aja deui lian ti akal anoe sam-poerna.

97. Sagala roepa anoe dilarang, oelah wau-wani ngalanggar.

98. Anoe kabenteu boga dosa, la-moeh yakin kahenteunana, oelah gam-pang-gampang njiksa.

99. Papasten anoe geus toemiba, oelah dipikiran teuing, mikir mah leuwih hade anoe baris kasorang.

100. Djaman ajeuna anoe djadi kanoeljaan, anoe beunghar koe elmoe, kapinteran akalna noe hade.

101. Prihatir koe lantaran papasten, koedoe sabar djeung pasrah, moal ahir meuang pitoeloeng Pangeran.

102. Oelah kangeunahan dina lampah salah, bisi toeman, boga sangka euweuh matakna.

104. Kabersihan lain keur saroeapa pagaweau bae, tapi keur sagala paga-wean.

bade disamboeng

Mo. Sa.

Panalek boekoe.

Boekoe Eulis Atjih.

Noe kadoena ieu boekoe geus ka-tampa deni koe Redactie, edas koe aloes, nepi ka Redactie bisa negoech maksoedna, nja eta noe baleunghar teh koedoe njah ka noe miskin.

Tapi lebah Mang Moedasim mapatahan ka Eulis Atjih dina rek adja-lan tjuek Redactie teu mernah, asa moal kana pokna kitoe teh, make katja matu noe terpeludjar (Sociale aangelegenheder, de verhouding tus-schen kapital en arbeid).

Moen Mang Moedasim njabit ka Agama lebah dinja, hatam. Bisa djadi noe ngarang maksoedna seljen, teu mamawa kawa Agama.

Tapi eta geus kagoeroeng koe Aga-ma Islam (komo moen geus matja. De Islam en 't Socialisme mah), Kari lebah eta bae moen rek dio-

salemboer, oeroet oerang sagoeloeng sagalaug.

„Soemoehoen koelan, baheula mah, kapan sim koering mah ajeuna teh ngan saekoer toekang soeloeh teu pajoe, ari Nji Mas mah parantos dja-di djoeragan Istri”, tembal Isna.

„Allah!” tjuek Nji Endjoem „Na koering teh soeka kitoe disetoeet Djoeragan Istri aki-aki rek beresin, pala-tjoeran lantah darat djeung boentoet kasiran, Djoeragan Istri Madkaja.” Gau skitoe rek ka panto dapoer hisi aja djelema atawa semah noe datang.

Koering, soeka keneh disetoeet Nji Soeloeh.

Djawa Isna: „Ah, moal enja ngeu-

mean deui teh.
Djaba ti eta mah goe'oejoer djeung basana tjokoep, moerah ongkoh ngan f 0 35

Koropak.

Djoer. D. Karangnoenggal?
Karangan katampi, kaleresan en-djingna ti asa diboeklikeun sapnoe-doech Djoeragan tea, nja eta njaksi leres henteuna oelah beurat sabeulah. Dikoepingkenn benteu lezingna ka-timbang pikeun goena oemoem, ki-rang sae dianggo eusina. Sip, dibebe-res koe oerang bae.

Djoeragan Astahijam tea!
Parantos katampi, noehoen!!! Engke dadangoekoeun bae, oepami: disaoer, saki diparios, oelah lepat kedah boekti (jaktos) Padjeg oge sa-rang eta dipariosna.

Kitoe deui Djoer. Hardja Pr. Ban-djar antean saparantos ngaben koe-da, hoofdged tel,

Djoer. A. S. Garoet.
Kartjis nama teh, teu karempagan dimoeat, hajang dikintoen deui noe-penting teh!

Djoer. D. M. Tjitarang.
Goed! maar ook voor andere scho-len.

Een pracht terrein, Kedoesggede Rengasengkliek niet vergeten 't Boek reeds besteld.

A. W.

K A B A R.

Tina s. k. Walanda.

Di Nederland keur diitoeng sabara-ha reana Pamarentah koedoe ngaloe-arkeun, oepama pagawe Pamarentah di Nederland meunang waledan (extra) gadjih saboelaneun atawa satengah boelaneun.

Djoeragan Slamet djeung Moeha-mad Ali lid Gemeenteraad Semarang geus moerstel soepaja Burgemeester mariksa perkara pamogokan di kantor tjitak djeung di palaboean.

Di Afrika kidoel (Durban) pagawe palaboean marogok. Di palaboean kabeneran keur rea kapai. Eta kapal kapal nepi ka teu bisa lajar lantaran teu meuang moeatan.

Di Australie pagawe palaboean ma-rogok, tapi teu sabaraha gedena oepama dibandingkeun djeung di Dur-ban.

Congres Socialisten di Marseille (Prantjis) menta soepaja Prantjis geuwat dami djeung Abdoelkarim.

Di Sjanghai (Tionghok) ajeuna geus repeh deui, ngan Kanton geus dire-boet koe kaom beroutak.

Di Djepang aja bandjir gede. Rea djalma noe maot.

Rangsa Droes di Syrië ngalawanna ka Prantjis beuki katjida bae. Damacus geus dirampas koe kaom pemberoutak.

nah ge disoeet Nji Kaja, bodas-bu-das.

Nji Endjoem ngadiah, bakating koe kenheul asa teu diajoenkeun kaha-jangna pok deui ngomong:

„Nji Soeloeh ge, Soeloeh Isna lain soeloeh si Toes!”

Tjuek Isna: „Na sok noear naon?”

„Ih!” tjuek Nji Endjoem, „ahong toekang noear, toear soteh si eta mah toear teor.”

Aja sambocoganana.

IMPLIK-IMPLIK

Nji Djoeminem.

Koe K. M.

Samboengan Sip. No. 10.

(Dirwagel dipetik).

„Eh, nja eta abdi teh bade boe-boe-djang.” Adab pisan Isna nembaluanana hari rarat-reret nendjoan kaajaan di dapoer sakitoe hegarna jalaga ba-ngoen ngaraneunah.

Isna teh lila oge henteuna ngomong tina anean ratoeg loba teuing pitja-riseun, tina teu njana manggih noe-graha noe sakitoe rongkahanu,

